7. Библиографические очерки о деятелях общественных наук Узбекистана. Составитель Б.В.Лунин. –Ташкент: «Фан», 1976.

8. Очерки истории Каракалпакской АССР. –Ташкент: «Наука». 1964. Т.2.

9. Каракалпакия в период победы социализма и коммунистического строительства. – Ташкент: «Фан», 1969.

10. Осуществление Ленинской программы построения социализма в Каракалпакии. –Ташкент: «Фан», 1971.

11. История Каракалпакской АССР. –Т. 2. От победы Великой Октябрьской социалистической революции до наших дней. – Ташкент. «Фан», 1974

12. Досумов Я.М. Каракалпакия в годы гражданской войны. 1918-1920 гг. –Нукус: «Каракалпакстан», 1975.

13. Қощанов Б.А. Қарақалпақстан тарийхнамасы. – Нөкис: «Билим», 2015.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Я.Досумовнинг хаёти ва шунингдек, Қорақалпоғистонда илм-фаннинг ривожланишиги қўшган хиссаси ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассматривается жизнь, а так же вклад Я.Досумова в развитие науки в Каракалпакстане

**SUMMARY.** This article talks about Ya. Dosumov's life and his contribution to the development of science in Karakalpakstan.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЫЛЛАРЫНДА МӘМЛЕКЕТИМИЗДЕ АГРАР ТАРАЎЫНДАҒЫ КАДРЛАР ТАЯРЛАЎ МӘСЕЛЕСИ (1991-2020)

**Г.Е.Төрениязова –** *ассистент оқытыўшы*

*Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институты*

**Таянч сўзлар:** реформа, инновацион, технология, филиал, ресурс, фундамент, ирригация, мелиорация, институт.

**Ключевые слова:** реформа, инновационный, технология, филиал, ресурс, фундамент, ирригация, мелиорация, институт.

**Key words:** reform, innovative, technology, branch, resource, foundation, irrigation, melioration, institute.

**Кирисиў.** Ғәрезсизлик дәўиринде Өзбекстанның аўыл хожалығы тараўы әҳмийетли экономикалық тараўлардан бири болып, мәмлекеттиң азық-аўқат қәўипсизлигин тәмийинлеў, экономикалық турақлылықты сақлаў ҳәм социаллық раўажланыўға үлес қосыў бойынша өзиниң айрықша орнына ийе. Бирақ, бул тараўда нәтийжели жумыс алып барыў ушын жоқары маманлыққа ийе ҳәм тәжирийбели кадрлар таярлаў жүдә әҳмийетли әҳмийетке ийе. Соның ушын, 1991-жылы ғарезсизликке ерисkenимизден соң, Өзбекстан ҳүкимети аўыл хожалығы тараўында кадрларды таярлаў системасын реформа қылыўға үлкен итибар қаратты.

1992-жылы Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Аўыл хожалығы тараўын раўажландырыў илажлары ҳаққында"ғы қарары қабыл етилди, бул қарар аўыл хожалығы тараўындағы кадрлар таярлаўды жетилистириўге қаратылған дәслепки ҳүжжетлерден бири болды. Атап айтқанда, аўыл хожалығы тараўында жаңа билимлерге ийе қәнигелерди таярлаў ушын оқыў бағдарламалары ҳәм методикалар жаңаланып барылды [1].

Буннан тысқары, аўыл хожалығы қәнигелерин таярлаўда әмелиятлар ҳәм илимий изертлеўлерге тийкарланған усыллар қолланылды. Мәмлекетимизде жас қәнигелерди таярлаў ҳәм оларды аўыл хожалығы тараўында жумыс пенен тәмийинлеў мәселелерине айрықша итибар қаратылды. Өзбекстанның жоқары оқыў орынларында, соның ишинде, Ташкент мәмлекетлик аграр университети филиалларында миллий бағдарламада белгиленген ўазыйпаларды орынлаў, жоқары билимлендириў мекемелерине талантлы ҳәм зийрек жасларды таңлап алыў ҳәм ҳәзирги заман талапларына жууап беретуғын жоқарғы маманлықтағы қәнигелерди таярлаў бойынша өзиниң илимий ҳәм әмелий жумысларын алып барды.

**Тийкарғы бөлим.** Өзбекстан Республикасында аўыл хожалығы тараўында кадрлар таярлаўдың нәтийжелилиги ҳәм нәтийжелери турақлы түрде талқыланып турылды. 2000-жыллардың орталарынан баслап, аўыл хожалығы тараўындағы оқыў орынларына кириў дәрежеси артты ҳәм бул тараўдағы қәнигелер саны көбейди.

Соңғы жылларда аўыл хожалығы бойынша таярланған қәнигелер бир қатар инновацион технологияларды ендириў, суў ресурсларын басқарыў ҳәм экологиялық мәселелер бойынша оқытылды. Усы тараўларда кадрларды таярлаў дәрежеси сезилерли дәрежеде жақсыланды. Сондай-ақ, киши ҳәм орта фермер хожалықларын раўажландырыў ушын билимли кадрларды таярлаўды күшейтиў мақсетинде жергиликли басқарыў уйымлары ҳәм фермерлер ушын арнаўлы курслар шөлкемлестирилди.

Мәмлекетимизде ғәрезсизлик жыллардың дәслепки күнлеринен баслап-ақ билимлендириў тараўына үлкен итибар берилип баслады. Өзбекстан Республикасы биринши Президенти И.А.Каримов 1997-жыл 29-августтағы Олий Мажлистиң тоғызыншы сессиясында «ҳәр бир мәмлекет ҳәр бир миллет өзиниң тәбийий байлықлары, ислеп шығыў тараўы, сондай-ақ әўладлардың тәлим-тәрбиясы мәмлекетимиздиң ең үстин ўазыйпалардан есапланады» деген еди.

Өзбекистан Республикасы Ғәрезсизликке ерискеннен кейин жоқары билимлендириў менен биргеликте аграр тәлим тараўына да үлкен итибар қаратты. 1992-жылы Аграр жоқары оқыў орынлары Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалық ҳәм Суў хожалығы министрлиги қурамына өткерилди, соң оқыў барысында тәрбиялық ҳәм илимий ислерди шөлкемлестириў ҳәм байланысларды орнатыўға кең ҳуқық ҳәм имканиятлар берилди. Кадрлар таярлаў миллий дәстүри тийкарында аўыл хожалығында жоқарғы билимлендириў, басқа билим тараўлары киби, жокары мағлыўматқа

ийе кадрларды таярлаў жолға қойылды бунда бакалавриат оқыў мүддети 4 жыл деп белгиленди, ҳәр бир қәнигелик фундаментал ҳәм әмелий билимлер берилетуғын базалық жоқары тәлим. Магистратура-бакалавриат негизинде оқыў мүддети 2 жыл анық қәнигелиги бойынша фундаментал ҳәм әмелий билимлер беретуғын жоқары мағлыўматлы кадрларды таярлап беретуғын болды.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2004-жыл 3-сентябрдеги 415-санлы «Республика аўыл хожалығы ҳәм суў хожалығы тараўлары ушын жоқары маманлы кадрларды таярлаў системасын жетилилистириў ҳаққында»ғы қарарының орынланыўын тәмийинлеў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министирлер Кеңесиниң 2004-жыл 17-сентябрьдеги 158/4-санлы қарарын орынлаў мақсетинде филиал директорының 2004-жыл 232-Н/2-санлы буйрығына тийкарланып, филиалдың шөлкемлестириў структурасына өзгерислер киритилди. Аўыл хожалығындағы тийкарғы бағдарлар есапқа алынып жоқары оқыў орынларында жаңадан енгизилген фермер хожалығын басқарыў кәнигелигин бойынша маман кадрларды таярлаўға айрықша итибар берилди. Усы қарарға муўапық директордың оқыў ҳәм илимий ислер бойынша биринши орынбасары лаўазымы киритилди ҳәм жаңа 2 факультет 9 кафедралар шөлкемлестирилди. 2004-2005-оқыў жылында заманагөй талапларға жуўап беретуғын, фермер хожалығын жүргизиў аўыл хожалығы ҳәм суў хожалығында 6 кәнигелестирилген аграр жоқары билимлендириў тараўында қәнигелер таярланбақта олардан Ташкент мәмлекетлик аграр университети, оның Нөкис филиалы, Самарқанд аўыл хожалық институты, Әндижан аўыл хожалық институты, Ташкент ирригация хэм мелиорация институты оның Бухара филиалы, сол алты жоқары окыў структурасында 26 факультет ҳәм 107 кафедра жумыс алып барды. Өзбекстан Республикасы аўыл ҳәм суў хожалығы министирлигине қараслы болған жоқары билимлендириў министрлиги мәмлекетимизде аўыл ҳәм суў хожалығы ушын жоқары мағлыўматлы қәнигелерди таярламақта. Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалы Өзбекстан Республикасы Министирлер Кеңесиниң 2003/2004-оқыў жылында жоқары оқыў орынларында қабыл қылыў ҳаққындағы 2003-жыл 14-июнда шыққан 263-санлы карарына тийкарланып 2003/2004-оқыў жылында Өзбекстан Республикасы жоқары оқыў орынларына қабыллаў ҳаққындағы қарары менен Қарақалпақ мәмлекетлик университети аграр факультети базасында, 2004-жылдан баслап Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалы болып, қайта дүзилди ҳәм өзи жумыс баслаған бирден-бир жоқары оқыў орны есапланады. Жаңа оқыў дәргайы ушын 2,5 мың оқыўшы билим алатуғын заманагөй оқыў имараты, спорт залы, оқыў административлик имараты ажыратылды [4]. Сондай-ақ, 2004/2005-оқыў жылында бакалавриаттың 10 тәлим бағдары бойынша күндизги бөлим, 3 қәнигелик бойынша магистратура ҳәм «Кадрлар қәнигелигин жетилистириў ҳәм қайта таярлаў орайы»на бекитилген сырттан оқыў бакалавриаттың 3 тәлим бағдары бойынша тәлим-тәрбия алынып питкериўшилер жумысқа жиберилген. Сондай-ақ, аўыл хожалығы талапларын үйренген ҳалда филиалда бакалавриаттың жаңадан 3 тәлим бағдары: «Аўыл хожалығы экономикасы», «Фермер хожалығын басқарыў ҳәм жүргизиў» ҳәм «Тоғайшылық ҳәм халық жасаў орынларын көклемзарластырыў» ҳәм «Тоғайшылық ҳәм тоғай мелиорациясы» тәлим бағдарлары ашылды. Ташкент мәмлекетлик аграр университетиниң Нөкис филиалинда билим алып атырған студентлердин саны 2015-жылға келип 1631 ге жеткен болса солардан 1615 бакалавр, 16 магистратура студентлерди курады. Мәмлекетлик гранты тийкарында оқып атырған студентлер саны болса: бакалавриатта – 581 студентти, магистратурада – 9 магистр ямаса 36% ти қурады. Сондай-ақ, 9 кафедра баслығы (1 профессор, 8 доцент), профессорлар 4, доцентлер 18, үлкен оқытыўшылар 9, оқытыўша ҳәм ассистентлер 93 ти қурады. Профессор-оқытыўшылардан 5 илим докторы ҳәм 24 илим кандидатлары жасларға билим, тәлим-тәрбия ҳәм илимий жумысларда әмелий жәрдем берип барды.

Илимий дәрежели оқытыўшылар үлеси улыўма санға салыстырмалы 21% и, сондай-ақ, илим докторлары 3,8% ин ҳәм илим кандидатлары 18% ин қурады [4].

Президентимиз тарепинен 2018-жылы «Инновациялық идея ҳәм технологияларды раўажландырыў жылы»деп қабыл етип бул жыллар бойынша ис-иләжлар ислеп шығылды. Бул иләжларда аўыл хожалығында жоқары жетискенликке ерисилди. Атап айтқанда, усы мақсет жолында жумыс алып барып атырған Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Ташкент мәмлекетлик аграр университетинде жоқары мағлыўматлы кадрлар таярлаў системасын түптен жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында”ғы ПҚ-3704-санлы Қарары қабыл етилип, бунда аўыл хожалығы тараўын раўажландырыў бойынша 19 тәлим бағдары тийкарында бакалаврлар таярлаў, 7 бағдарда магистрлер ҳәм 8 бағдарда жоқары оқыў орнынан кейинги билимлендириў институтында таяныш докторантура, докторантура ҳәм өзбетинше излениўшилердиң билим алыўы ушын толық шараятлар жаратылып берилди.

Филиалымызда еки факультетте 13 кафедра жумыс ислеп, 157 профессор-оқытыўшылар студентлерге, соңғы оқыў усыллары тийкарында билим берип келмекте. Бүгинги күнде филиалымызда 2170 студент аўыл хожалық тараўы ушын таярланатуғын бағдарларда ишки ҳәм сыртқы билим алыў курсларында билим ҳәм тәрбия алып келмекте [5].

Ташкент мәмлекетлик аграр университетиниң Нөкис филиалында таярланған илимий-изертлеў жумысларын атап өтсек орынлы себеби оқыў дәргайының ерискен табысларын есапқа алып Ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланып бир кәнигемиз «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген шарўа» мәмлекетлик атағын алыўға мияссар болды ҳәм басқа профессор-оқытыўшылар көкрек нышанлары менен сыйлықланды. Филиал Европаның, Японияның ҒМДА мәмлекетлериниң раўажланған жоқары оқыў орынлары менен биргеликте жумыс алып барыў ушын 20 дан аслам меморандумлар, шәртнамалар дүзилген. Усылардан Японияның Чиба университети, Японияның OYO корпорациясы, Токио аўыл хожалық ҳәм технологиялар университети, Японияның Шова фармацевтика университети, Италияның Пиза

университети, Россияның Оренбург мәмлекетлик аграр университети, Белгород мәмлекетлик аграр университети, Қазақстан миллий аграр университети, БМШның дүнья жүзлик азық-аўқат ҳәм аўыл хожалығы шөлкеми (ФАО), Әзербайжан мәмлекетлик аграр университетлери менен биргеликте жумыслар алып барылмақта. Филиалда Европа шөлкеминиң ERASMUS+, билимлендириў тараўында халықаралық бирге ислесиўди раўажландырыў дәстүриниң 586000-EPP-1-2017-PT-EPPKA2-CBHE-JP BUZNET: «Өзбекстанда ветеринария тараўын системалы оқытыў» жойбары орынланбақта. Профессор-оқытыўшыларымыздан 5 Италияның Пиза университетинде, 2 оқытыўшы, бир магистр Германияда, бир оқытыўшы Португалияда тәжрибе алмасып келди [6].

Филиалда билим, илим ҳәм ислеп шығарыўдың нәтийжели интеграциясын тәмийинлеў мақсетинде «AVC» аўыл хожалығында азық шынжыры жойбары қәнигелери тәрепинен «Мийўе, палыз өнимлерин жетистириў агротехникасында, инновациялық технологияларды еңгизиў» бойынша семинар-тренинги (Мастер-класс) өткерилип, елимизге жоқары маманлықтағы кадрларды таярлап бериўде келеси жыллары, усы жылдан басланған ислеримиз даўам етип, үлкен табыслар қолға киритиў ушын жәмәәтимиз билимин ҳәм ис тәжрийбелерин жумсайды.

**Жуўмақ.** Улыўма айтқанда аўыл хожалығы тараўындағы билимлендириўди және де заманагөйлестириў, жаңа технологиялар ҳәм илимий, билимлендириў процесине киргизиў, аўыл аймақларында оқыў ҳәм әмелият орайларын шөлкемлестириў, Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалы билим, илим ҳәм өндиристе ислеп шығарыўдың интеграциясын тәмийинлеўде инновациялық технологияларды еңгизиў бойынша нәтийжели жумыслар алып барды.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Ўзбекистондаги ривожланиш асосий жамоавий, сиёсий ва иқтисодий тамойил. ЎзР Олий Мажлиси 1-сессияси, 1995 йил 24.02. / “Шарқ ҳақиқати”. 25.02 1995 .

2. Ўзбекистон Республикасининг 2020 йил 23-сентябрьдаги «Таълим тўғрисида»ги ЎРҚ-637-сонли Қонуни.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министирлер Кеңесиниң қарары (Архив) Фонд №500 опес1 Ед.хр №1314.

4. Буриев Х.Ч. Основные направления реформирования высшего аграрного образования в Узбекистане. // Доклады VIII Академических чтений «Образование и наука проблемы и перспективы развития». – Москва, 2002. С. 16-17.

5. Хамидов Х.Х. Қишлоқ ва сув хўжалигида сифатни таъминлаш ва кадрларни тайёрлаш. “Олий аграр таълмини сифати” тажриба, муаммолари ва қарорлари. – Т.: КСХВ, 2006.

6. Ташкент давлат аграр университети мустақиллик йилларида. – Т.: ТошДАУ, 2001.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Ўзбекистон Республикаси ва Қорақалпоғистон Республикаси аграр олий таълим соҳасида эришилган ютуқлар ва қишлоқ хўжалигини олий таълим муассасаларини янгидан қайта ташкил этиш бўйича бир нечта йўналишлар кўрсатиб ўтилди.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье приведены достижения в сфере аграрного высшего образования Республики Узбекистан и Республики Каракалпакстан, а также рассмотрены несколько направлений по реорганизации высших образовательных учреждений в области сельского хозяйства.

**SUMMARY**. This article outlines the achievements in the field of agricultural higher education in the Republic of Uzbekistan and the Republic of Karakalpakstan, as well as several directions for the reorganization of higher educational institutions in the agricultural sector.


# GENERAL AND SPECIFIC FEATURES OF THE GEOGRAPHICAL LOCATION OF THE OKCHADARYA BASIN AND THE LOWER ZARAFSHAN VALLEY


**I.I.Usmanova** – *junior doctoral researcher*

*Urgench pedagogical institute*



**Tayanch so‘zlar:** Sho‘roxon, Sulton Uvays, Qizilqum va Orol, Oqchadaryo hududi, A.V.Vinogradov, Jonbos, Jonbos, 5, 11,12,14, Qavat-7, Ma’mur -1, 3, 4, 3 B, 4, Kunek-1,3, Dingilji-6, Qurg‘oshin G, D, Tadjiqazgan-2, 3, 6, 6 a, 10.

**Ключевые слова:** Шорохан, Султан Увайс, Кызылкум и Арол, Окчадарьинский район, Виноградов А.В., Джонбос, Джонбос, 5, 11, 12, 14, Этаж-7, Администратор-1, 3, 4, 3 Б, 4, Кунек-1,3, Дингильджи-6, Кургошин Г, Д, Таджиказган-2, 3, 6, 6 а, 10.

**Key words:** Shorokhan, Sultan Uvays, Kyzylkum and Aral, Akchadarya region, A.V. Vinogradov, Jonbos, Jonbos, 5, 11,12,14, Floor-7, Ma'mur -1, 3, 4, 3 B, 4, Kunek-1,3, Dingilji-6, Kurgoshin G, D, Tadzhiqazgan-2, 3, 6, 6 a, 10.



The article discusses the geological development of the Okchadarya and the lower reaches of the Zarafshan River, ancient climatic conditions, and human settlement processes based on archaeological findings. Special attention is given to the significance of historical sites identified through paleohydrological and archaeological research. The cultural uniqueness of the region is revealed through extensive archaeological studies conducted in the Southern Okchadarya region and the Lower Zarafshan Valley.

The study analyzes the geographical features of the Okchadarya Basin and the Lower Zarafshan Valley, shaped by both natural and anthropogenic factors. The economic, ecological, and historical importance of these regions is evaluated, with a focus on their advantages and disadvantages. The conclusion highlights key aspects of geological processes, migration, ethnic formation, and the utilization of natural resources.


**Introduction**. The Eurasian continent consists of several natural-geographical regions that have historically formed due to the repeated occurrence of unique geological processes, each with distinct geographical locations, natural features, and climatic conditions. One of these regions is Uzbekistan, which is centrally located within the Turan